

# Ki sa nou ap tann nan men moun ki pral Prezidan Repiblik la ?

Samuel Pierre

Nan yon editoryal jounal Le National ki rele « *Chasser les vendeurs du temple* », ekriyen Gary Victor te ekri mo sa yo :

*Nou pa kapab rete nan eta mizerab sa a, nou nan yon eta nou tèlman mizerab vwazen nou Sendomeng ap pase nou nan rizib, paske li wè pèp ayisyen an kontinye asepte yon ti klik atoufè ap piye kès Leta a. Moun sa yo te toujou wè kès Leta a tankou byen pèsònèl yo. Se yon ti klik moun ki toujou ap renouvle tèt yo, san yo pa genyen okenn atachman ak tè a. Yo toujou montre aklè mepri yo genyen pou popilasyon an, epi sèl sa ti klik sa a fè ane apre ane se repwodui pratik, se pwopozè solisyon ki pwouve kouman sistèm lekòl nou an, te pwodui kreten malouk, sa vle di, endividi, ki gras ak memorizasyon, te kapab fè tèt yo pase pou entèlijans, men yo pa kapab genyen yon ti kras refleksyon, pou pi piti, yo pa genyen yon tras lojik, kidonk, yo pa fouti fè fas ak vrè pwoblèm yo. Lè tout sa chita sou vizyon pouvwa mwayennaj nou an ansanm ak mepri pou peyi a, nou konprann ki sa sa bay kòm bonm pou devaste yon nasyon<sup>1</sup>.*

## ETIK (ONÈTETE) NAN GOUVÈNANS PEYI A

Nou kapab fè moun wè nan sitasyon sa a plizyè konsta ki montre pou pi piti eta deklèn moral sistèm gouvènans peyi a, nan yon moman kote yon latriye kandida pou prezidan ap fè kanpay nèt ale pou yo ka vin mennen bak nasyon an. Se vre, sa nou ap pale a se piyay oubyen foure men pran nan byen Leta « yon ti klik atoufè [...] ki toujou ap renouvle tèt yo, san yo pa genyen okenn atachman ak tè a... ». Se sa ki rasin yon premye pwoblèm

fondalnatal ki se etik nan gouvènans<sup>2</sup> peyi a, koripsyon an, yo mete chita tankou sistèm epi yo fè li tounen pratik. An reyalyte, opinyon piblik la pa sanble genyen twòp pwoblèm ak sa, epi sanble li byen ranje kò li pou li viv ak pratik sa yo tankou se nòmal pou pa genyen okenn sanksyon penal ak sosyal. Ondirè genyen yon antant anbachal ant dirijan yo ak moun ki kapab vin pran pouvwa yo pou yo pa bouche bokit koule a. Anpil ladan yo genyen anbisyon petèt itilize menm bokit koule a lè tou pa yo rive, kote atirans lan se jisteman twou yo ki nan bokit la, ki pèmèt yo wouze baz gang nan ansanm ak ti klik la.

Èske nou kapab espere kandida yo, ki pral vin prezidan an, pral montre nou yon volonte tout bon yo genyen epi yo pral bay ekzanp pou yo fini ak pratik piyajè sa aki fè difikilte lavi a ap grenpe nan tout kouch natifnatal sosyete ayisyen an.

## ATACHMAN AK PEYI A

Dezyèm pwoblèm serye: selon moun ki ekri editoryal (editoryalis) la, klik sa a, san atachman pou tè Ayiti a. Nan yon peyi ki chita alafwa sou yon nasyonalis tèt anba ak yon nasyonalis demagojik, kote souvan yo mete pitit gason ak pitit fi Ayiti yo, ki ap viv aletranje, nan kanpe lwen. Sa fè nou poze tèt nou kesyon pou nou mande èske si yon moun ap viv nan yon peyi, sa sifi pou li genyen atachman pou peyi a ? Se vre, genyen plizyè fason ak manyè yon moun kapab renmen peyi li. Viv ladan se yonn ladan yo, si sèlman vre se pou moun nan travay pou fè peyi a fè pwogrè. Nou wè anpil dirijan, nan tout nivo nan may politik la, montre nasyonalis yo ak atachman yo pou peyi a aklè, men an reyalyte, se pou yo anrichi pwòp tèt yo epi pou yo kraze rak epi ale pran plezi yo apre avèk byen Leta yo vòlè yo.

1. Le national, No. 310, Mèkredi 24 dawou 2016, paj 2. <http://www.lenational.org/chasser-vendeurs-temple/>

2. *Ibid.*

Èske nou kapab espere, kandida ki pral vini prezidan an, pral montre nou yon nasyonalis sensè, yon nasyonalis ki pi pwofon, nan montre li pral montre yon atachman ki pi sensè pou tè Ayiti a, nan defann li pral defann peyi a avèk entèlijans ak konviksyon nan enterè peyi a ansanm ak enterè jeneral nan fason li pral jere zizani, ki pral genyen ant gwoup enterè nasyonal ak entènasyonal yo?

## MEPRI POU POPILASYON AN

Selon editoryalis la toujou, se yon ti klik moun «ki pa janm kache mepri yo genyen pou popilasyon an<sup>3</sup>...». Mepri sa nou ap pale la a, se baz prensipal mak fabrik relasyon ki genyen ant dirijan politik yo ak moun yo ap gouvène yo. Nan peyi Ayiti, dirijan politik yo genyen difikilte pou yo konprann yo osèvis popilasyon an ki ba yo pouvwa lejitim yo genyen an. Sòf si yo pa kwè se nan demokrasi yo ye vre. Yo pa kapab vin prezidan, senatè, depite oubyen majistra san popilasyon an pa vote pou yo kòm reprezantan yo avèk yon manda pou reprezantan sa yo amelyore kondisyon lavi yo.

Èske nou kapab espere, kandida a, lè li fin monte prezidan, li ap konprann manda yo ba li a, lè li fin prezidan, se pa pou li meprize pèp la, men, se pou prezidan an travay pou li amelyore kondisyon lavi pèp la?

## SISTÈM EDIKASYON AN BAY TÈT CHAJE JOUK NAN TÈT LI

*Repwodui pratik, pwopoze solisyon ki montre aklè kouman sistèm lekòl la pwodui [...] kreten malouk, sa vle di, moun ki te kapab avèk memorizasyon rive fè tèt yo pase pou entèlijan, men moun sa yo pa kapab genyen yon ti kras refleksyon, yo pa kapab genyen yon ti tras lojik pou pi piti, kidonk, yo pa genyen kapasite pou yo atake vrè pwoblèm yo<sup>4</sup>.*

Nou jwenn, nan fraz sa a, yon pote boure wòdpòte kont sistèm edikasyon an, epi nou jwenn, anbachal, yon kritik piman bouk sou inivèsite nou yo kòm tèt piramid sistèm sa a. Enstitisyon sa yo pa te ap prepare pwofesyonèl vre pou fè fas ak vrè pwoblèm peyi a. Kounye a, nan moman kote inivèsite Leta nan pwovens yo ap fete dis lane ekzistans yo, nan menm moman an kote pi gwo inivèsite piblik peyi a, inivèsite Leta Ayiti a, ap travèse yon kriz sou ezistans li ki poko janm fini jouk Jodi a. Li lè, li tan pou enstitisyon sa a, ki se gid peyi a, ta jwe wòl inivèsite li tout bon vre pou tout peyi a. Li lè, li tan, pou inivèsite a patisipe

3. *Ibid.*

4. *Ibid.*

san gade dèyè, nan fòmasyon pwofesyonèl ki kapab reflechi, ki kapab analize, ki kapab poze pwoblèm pou yo rive ansuit soti nan chimen woutin nan, epi pou yo kase tèt yo pou yo pwopoze solisyon ki reyalis sou vrè pwoblèm peyi a.

Genyen yon lyen, prèske san fay, ant kalite inivèsite yon peyi ak nivo devlopman peyi a. Lè rannman inivèsite a mèg, kalite sistèm edikasyon an, an jeneral, tonbe nan lese ale, epi kapasite pou yo pote bon jan solisyon pou rezoud pwoblèm sosyete a rete antòtye. Men, nan okenn peyi sou latè beni, Inivèsite pa ta dwe devlope nan yon espas vid ki koupe ak rès sosyete a. Inivèsite a makònen ak yon sistèm sosyopolitik ki ba li yon valè lejitim ansanm ak yon misyon, nan founi li ap founi li tout mwayen oubyen yon pati nan mwayen li bezwen pou li reyalize misyon sa a. Se yon misyon pou li reyalize ki pa ni pou tèt pa li ni pou li refè tèt li, men pou li gide sosyete a nan revandikasyon li genyen pou li fè sou plan sosyal, sou plan ekonomik, sou plan syantifik ak teknolojik.

Èske nou kapab espere prezidan Repiblik la, ki pral monte a, ap konprann enpòtans Inivèsite, enpòtans lakonesans ak enpòtans merit ki genyen nan mete sou pye yon nasyon ki dyanm?

Èske nou kapab espere prezidan Repiblik la, ki pral monte a, ap konprann lyen sere sere ki genyen ant valorizasyon lakonesans, ant kreyasyon richès, ant kreyasyon dyòb, ant travay pou lapè sosyal epi travay pou genyen yon klima politik ekilibre?

Èske nou espere prezidan repiblik la, ki pral monte a, pral fè nou wè entèlijans li aklè tout bon vre, entèlijans ki pou fè li konprann vrè pwoblèm peyi a pou li chache rezoud yo avèk fòs dyanm peyi a?

Èske nou ka espere prezidan Repiblik la, ki pral monte a, pa pral konsidere ekzèsis pouvwa a tankou yon dwa san limit pou li jwi tout privilèj ki konekte ak grad prezidan li an?

Èske nou ka espere prezidan Repiblik la, ki pral monte a, ap konsidere tèt li kòm premye responsab peyi a ansanm ak avni li, epi nan sans sa a li pa pral lage responsablite echèk ak move fonksyonman Leta a sou do moun ki anba zòd li yo?

Èske nou ka espere prezidan, ki pral monte a, ap fyè pou reyalyasyon li pral fè nan peyi a pandan senk ane li pral pase sou pouvwa a epi èske nou pral espere peyi a ap genyen larekonesans pou li?

Èske nou ka espere prezidan Repibli, ki pral monte a, pral pran mwayen ki nesèsè pou li pase flanbo a bay yon lòt prezidan pèp la eli nan fen manda konstitisyon an ba li a?

Bòn chans mesyedam ki kandida pou nou vin prezidan peyi a! ■